

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Puisi pupujian anu kakumpulkeun ti Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta, aya 40 pupujian, kaopat puluhanana dianalisis dumasar kana wangun, eusi jeung unsur harti puisina.

Wangun pupujian anu kakumpulkeun di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta aya anu wangunna kantétan dua, tilu, opat, genep, jeung robah. Purwakanti runtuy pungkasna a-a-a-a, a-a-a-b, a-b-a-b, a-a-b-a, a-a-b-b, a-b-b-b, a-b-a-a, a-a-b-c, a-b-b-c, a-b-c-c, a-b-c-b, a-b-c-d, a-a jeung a-b. Sedeng jumlah engang unggal padalisan aya 6, 7, 8, 9, 10, 11, 12, 13 jeung 14 engang. Sarta jumlah padalisan unggal padana aya anu dua, tilu, opat, genep jeung robah, sabab jumlah padalisan di unggal padana teu tangtu.

Eusi pupujian anu kapanggih ti Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta nya éta:

- a. Muji kaagungan Pangéran;
- b. Solawat ka Kangjeng Nabi;
- c. Pépéling ka umat Islam sangkan salawasna ngajalankeun paréntah sarta ngajauhan larangan Alloh SWT;
- d. Ngajak ka umat Islam sangkan tobat ka Pangéran; jeung
- e. Ngingétan ka umat Islam sangkan ngajalankeun tetekon agama Islam.

Pupujian anu geus dianalisis nyatana merenah pisan lamun dijadikeun alternatif bahan pangajaran ngaregepkeun di SMP kelas VII semester I ngagunakeun Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan.

5.2 Rékomendasi

Sanggeus ngayakeun panalungtikan tur nganalisis puisi pupujian anu kakumpulkeun ti Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka rékomendasi atanapi saran.

- a. Puisi pupujian anu aya di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta, mangrupa salasahiji karya sastra anu kudu dipiara, diriksa, dijaga jeung dimekarkeun ku urang salaku urang sunda. Lantaran pupujian sumebarna sacara lisan, leuwih hadé lamun dikumpulkeun dijieun jadi hiji buku anu eusina husus medar masalah ngeunaan puisi pupujian. Tinangtu bakal loba tujuanna, boh keur masarakat boh keur guru jeung siswa. Sanggeus ngayakeun panalungtikan di Désa Cicadas Kabupatén Purwakarta, wiréh masarakat ogé butuh tarékah pikeun ngainvéntarisir puisi pupujian nu aya di éta wewengkon pikeun kapentingan kaagamaan, mangka leuwih hadé lamun ieu hasil panalungtikan dijadikeun buku. Tujuan nu kadua nya éta sangkan ngagampangkeun guru dina ngadumaniskeun pangajaran basa Sunda, komo bari jeung dinadomkeun mah siswa bakal leuwih daria diajarna.
- b. Kamekaran jaman kiwari kawilang geus maju, sarta gancang pisan mangaruhan kana ngarobah sikep jeung paripolah siswa hususna tingkat SMP. Ku kituna, guru bisa ngamangpaatkeun kamampuhna kana teknologi

ku cara nugaskeun siswa keur ngadokumétasikeun puisi pupujian anu aya di wewengkonna séwang-séwangan.

- c. Ieu hasil panalungtikan, dipiharep bisa jadi pangdeudeul bahan pangajaran ngaregepkeun puisi pupujian di SMP.

